*SHEYX AL HAAJ IBN ‘ABBAAS SALL*

# *LA GUIDEE VERS LA VERITE*

***Précédé de***

# *L’ IMITATION DES ITINERANTS*

***WALAFALU***

***Serin ‘Abbaas Sall***

***Senegal***

# *WWW.TAJAMOUH.ORGPREFACE*

***Né en 1909 dans le village de NGuick à quatre kilomètres de Sakal dans la région de Louga, Serigne ABASS SALL, de son vrai nom Mouhamadou Abdallah ibn Abass Sall est le fils du grand érudit Mayoro Sall , un des plus célèbres compagnons de Seydi El Hadji Malick Sy.***

***Son grand père El Hadji Amadou WADE fut le premier qui introduisit la Tariqa Tidjiania dans le Niambour et fut à l'origine de la relation , combien fruictueuse entre Seydi El Hadji Malick Sy et son ami, le pieux Mor Massamba Diéri Dieng, fondateur de la célèbre Ecole coranique de Loodo à Saint Louis dont le petit fils Serigne Mamoune Ndiaye Mabéye perpétuera l'œuvre jusqu'à sa mort.***

***L'enfance de Serigne Abaass Sall sera marquée par une quête effrénée de savoir soutenue par une forte détermination à atteindre les plus hautes demeures spirituelles. Sous le giron des pieux savants du NDjambour et de ceux du Walo, il parfait sa formation spirituelle et s'illustre dès la fleur de l'âge, par une maitrise jusque la inégalée de la science poétique arabe.***

***Plus tard, l'étendue de sa science dans les disciplines religieuses, sa fuite permanente vers Dieu, sa connaissance du Prophète de l'islam, (sous un aspect que ne confère que la grâce d'une élection divine ) son amour passionné et contagieux du Pole caché, sa station privilégiée dans la niche des lumières de la voie Tijania et sa vaste production littéraire (plus de 10000 vers s'exprimant dans des styles poétiques divers, à l'instar des grands maitres de la prosodie ), feront de Cheikh Abass l'une des figures les plus emblématiques de l'islam en Afrique noire.***

***Ce batisseur de mosquées et fondateur de plusieurs villages, celui là qui écrivait parlant de Cheikh Ahmad Tijani dans un style poétique arabe des plus ravissants : « je suis en toute vérité son fils spirituel et son secret, par le seul fait d'un vouloir divin », avait ce don tout particulier d'insouffler à ses disciples et à tous ceux qui l'approchaient cet amour révérentiel de Cheikh Ahmad Tijani et par delà celui du Prophète Mouhammad ( Paix et Bénédiction de Dieu sur lui).***

*Ce n'est pas sans raison que Feu Seydou Nourou TALL, ce saint d'entre les saints l'avait surnomé " mbaroudi laawal " qui signifie en peul :*

*le lion de la tariqa ; en vertu de ce qu'il savait de cette filiation spirituelle toute particulière qui existait entre ABUL ABAASS (CHEIXNA TIJANI) et IBN ABAAS :*

*Il avait cette faculté propre aux grands maitres de scruter les âmes endormies et d'y susciter des vocations spirituelles ; sa proximité était comme un remède et une prairie pour les cœurs. Toute sa vie il n'a cessé d'exhorter à la science mais encore plus à l'action pieuse…*

*Cet ouvrage que nous avons l'honneur de vous présenter dans une version en caractères latins, est un poème didactique intitulé : Dalilu Sidq Ilaa tariqil haq,*

*écrit par le cheikh en 1963 à Abidjan lors d'un bref séjour qu'il effectua dans la capitale ivoirienne.*

*Divisé en treize chapitres, cet ouvrage communément appelé wolafalu serigne Abass Sall constitue, autant pour le néophite que pour l'adepte avérti , une source inestimable de savoir. Riche par son lexique et par l'accessibilité à ses allégories, il offre au lecteur les définitions enfouies dans les subtilités et les allusions spirituelles des grands maîtres, les dépouillant de leur gangue mystique pour n'en extraire que la perle cachée de leur signification.*

*Combien de disciples, qui n'auraient jamais pu accéder à certaines connaissances religieuses en raison de leur ignorance de l'arabe sont ils parvenus, par la l'étude de cet ouvrage et la mise en pratique de son enseignement, à un niveau de savoir qui n'était jusqu' alors, que l'apanage d'une certaine élite d'intellectuels arabisants ? Par soucis de commodité, nous le faisons préceder d'un autre qasida du Cheikh intitulé : Sullamul Muhtadi wa Alamul Muqtadi , plus rescent mais aussi riche par le tawhid , le vocabulaire et les exhortations qu'il renferme.*

*Aujourd'hui, les valeurs morales et spirituelles, en rapport à notre marche sur la voie des pieux predescesseurs, semblent ramer à contre courant. La vertu même se lamente et en s'isolant, se dérobe de notre vécu quotidien. L'islamologie peu à peu semble se muer en P.M.E. et de pretendus islamologues aux allures d'obscurs entremetteurs se font l'écho d'une étrange exégèse venue l'on ne sait d'où. Ils professent ainsi un si singulier message qui fait l'éloge de la luxure et frise le libertinage occidental, comme pour tenter de balayer d'un revèrs de main avec morgue et sans vergogne, tout l'enseignement de nos pieux et saints savants.*

*Se pose alors la problématique de la survie de notre foi et la nécessité, plus que de refléchir, mais de vivre un authentique éveil religieux, avec un éclairage digne de la lanterne des grands maitres. L'étude des écrits de Cheikhna Abass Sall et la mise en application de son enseignement peuvent constituer, nous le pensons, une réponse à cette attente et servir d'amorce à une veritable renaissance spirituelle.*

*C'est le lieu ici de rendre un hommage mérité au khalif du Maitre, Cheikh Mouhamadou Mansour Sall , pour sa grande discrétion ; et en ce qui concerne toutes les grandes questions de l'heure, pour ses tranchantes prises de positions toujours en harmonie avec l'orthodoxie musulmane ; nous nous rejouissons de son conformisme à l'enseignement du Saint Homme et saluons à l'occasion son ouvrage combien salutaire et opportun intitulé : (LE SOUFISME : Avantages et Inconvénients) qui vient à son heure et constitue, pour les jeunes générations d'aujourd'hui et de demain, des balises sûres sur les sentiers abruptes et raboteux de la foi et de la quête spirituelle. Nous nous inclinons humblement devant la probité et le savoir de ce modeste érudit.*

*Puisse Allah fortifier sa santé, parachever sa mission de khalife jusqu'au-delà de toute espérance, l'éclairer ainsi que tous ses frères et sœurs, chez qui nous admirons la pertinence de la méthode d'encadrement et d'éducation qu'ils prodiguent aux jeunes disciples, et l'elan désinteressé dont ils font preuve en multipliant les lieux de culte et d'etudes religieuses à travers tout le pays , dans la plus grande discretion.*

*Tous nos remerciements et nos prières les plus ferventes vont également à l'endroit de notre neveu et frère en Dieu Ousmane LO pour son appui moral et matériel qui a permis la mise en presse de cette présente édition. Que Dieu dans son infinie largesse l'assiste et le comble de bienfaits ici bas et dans l'au-delà.*

*Abou Seck N'Diaye Malick*

*Dakar, le 13 decembre 2009*

*Lettres en ouolof Particularités*

***les voyelles doubles comme : aa, uu, oo, ee sont des sons longs qu'il faut tirer dans la prononciation.***

***c : se lit comme le th de thiam***

***e : se lit è comme le è dans père***

***é : se lit comme le er de lutter***

***g : se lit comme le g de gare***

***j : se comme di de diop ou dia***

***ñ : se lit comme gn de pagne***

***óo : se lit comme le au de cause***

***o : sans accent : se lit comme le o de or***

***x : se lit commme kh de khomeny***

***ŋ : se lit comme le ng de l'anglais thing***

***BISMILAAHIR RAHMAANIR RAHIIM***

ALLAAHUMMA SALLI ALLAA SAYYIDINAA MUHAMMADIN WA ALAA AALIHII WA SAHBIHII WA SALLIM

## *NJIITLAAYU WAX JI*

***Qasiida wolafal bii Sheyxna Al Haaji Abaas SALL Ibn Mayoro SAll ( radiyal laahu taa laa anhumaa ) moo ko taalif ci atum 1966 ca Abidjan . Sheyxna ABAAS radiya laahu ta'aalaa 'anhu , bayyi na ci ganaawam lu ëp 10000 bayt yumu talif ci kalaama araab di ci leeral fannu yu bare ci xam xamu diine , ci deminu ngen ci bindeef Rasuulu laahi salla laahu aleyhi wa sallam , ak ci xamle ci mbiri***

*Sheyxna TIIJAAN radiyal laahu ta' aalaa 'anhu ak ci mbiri tariiqa tijaan ay njërin yu yeeme lool te bari ay solo.*
*Wolafal bii nak , nga xam ni ci kalaama wolof la ko sheyx bi bind te nu gën ko xame ci turu wolafalu serin 'ABAAS ,daana ka ab mbandu xam xam la boo xamni bii day leeral ci mbiri diine. Am na nu yaakaar ci ni bep jullit buko jang te jëfe ko , di na la yok ci sa mbiri diine , te tek la ci siraatal mustaqiim ndax te lep lu fi serin bi wax ci alquraan ak sunna la tegu . Moom sheyxna Abaass daana wax naan wolafal bii ci yiko gënë yeem ci ay mbindam la bok ; te kep ku jang ay bindu serin Abaass Sall xam nga*

*ne limu taalif ci arab doyna keemaam, muy ci taaru tëggin bi, di ci soloy xam xam bi. Noo ngi leen koy jebal nak ci xuruufi nasaraan ngir yaatal ko ba askan wi nga xam ni mbindu nasaraan la nu gëna miin, man ci jërinu .*
*Noo ngi jeggëlu ci bep njumte bu ci nek di naan kep ku nga xamni bii jiss nga lu ci jaarul yoon nga xamal nu ko ba nu man koo jubbanti ci waxtu wenen wu nu koy muulati inshaalaah*

*.Yal na yala barkeel kep kuko jang ak lep lumu ci jang te may ko ci ab deg ak jëfe. Yal na yalla barkeel it taxawaayu xalifa Sheyna Abaas SALL bu tedd bi moom Sheyx Muhamadul Mansur SALL , yaggal ligéeyam ci diine ji te dëgërël ko , def ko muy leer buy jubale ci tariiqa maam Sheyxna Tiijaan radiyal laahu anhu , moom aky mbooleemi rakkam .Yal na leen yalla labal ci mbandi leeri Sheyxna Tiijaan te labal ci bep taalibe ci darajay rasuulu laahi salla laahu 'aley hi wa sallam.*

*Dunu fate it gërëm seydi Usmaan LO ibn Babakar LO ci ndimbëlam ba tax nu mëna mottali ligeey bii bamu yeg si fii; yal nanu ko*

*yala fayal , pay bu fuul yaakaaram, guddaliy fanam, yaatal wërsëgam te mu and ak wer , barkeel ko ci lep lumu jublu Yal naka ko yala defal, defal leen ko te defal nu ko bi jaahi seydil wujuudi Seydinaa MUHAMMADIN salla laahu 'aleyhi wa sallam ;*

*Ndakaaru 9 Tamxarit 1432*

*di*

*le 15 Decembar 2010*

*Abou Seck Njaay ibn Maalik*

## *Sullamul muhtadaa wa *alamul muqtadii*

***Ci turu buur yalla miy Rahmaan***

***Te di rahiim, waahibil manaan,***

***Laa jók di muslu ci pexey shéytaane;***
***Akub kuréelam, noon bu mag bay daane.***

***May haaru man ak saa njaboot bil baarii,***

***Ci bép loor fi layli wa nahaari.***

***Ñu bok laxu, wéeru, ñaan ci yalla,***

***Akub yonentam ndax ñu raw te jalla;***

***Ñu muc ak jullit yi min shéytaane***

***Ak luy pexe bakkan miy wane.***

***Shéytaane noon bu mag la, waaye daal bakkan,***

***Moo raw te yéesi mbir te ay pexeem sakan.***

***Mooy jaaru haay ba, moy luggët sheytaani,***

***Mooy moylu yalla buur bi, mooy qirtaani***

***Moo def ci nit ak rëy, te yalla moo ko moom,***

***Ka gëna tooñ, mooy ka xëccóok mbir boroom.***

***Moo xeeblu jam, moroomu jaamam, mbass bakan !***

***Moom mo alak ña alku, noss leen ci bakan,***

*Yeen gaa yi diine déglu léen ma  wax léen,*

*Ci ay wolaf la yalla wax mu bir léen.*

*Yalla di wax ci al quraan te giñ ko:*

*“Wal  ‘asri ! kuy jullit te gëm na gëm ko;*

*Nee nit ñëp, boole seen, pert nañu;*

*Lu dul ña gëm, jëf yu baax, gañe nañu,*

*Te fek ñoom dëgg la ñuy denkante,*

*Muñ gu sax  ci yalla, ñuy diglente.*

*Doy na xalaat cip jaam, digantéem ak boroomam,*

*Ca bés ba ñuy dajee, mu lan mooy ay soloom,*

*Ka gën ba faww, mooy ka gën ca booba bés,*

*Kañu fa  gën, mooy kañu gën faw mu dess;*

*Ka gënn fa yalla, moo di jaam ba gënë ragal;*

*Wattu tereem, te topp lép luy ndigal*

*Ka yalla yonni, muy sangu mbindéef yi,*

*Tey ilimaan ja jiitu luy yonen yi,*

*Muhammadun seydinaa rasuulu;*

*Mooy jaam ba yalla fonk, mooy xaliilu;*

*Moo jëk jaamu, moo jëkit ak wéetal*

*Te mooy sababu cik sunu am, mooy xéewal.*

*Te moo di jëmmi yërmandé Rahmaani.*

*Ci bép  bindéef, bilaa nukraani,*

*Mooy jam ba xam ni; bu meree, sangam mer;*
*Bu gërëmée , sangam gërëm ci bép mbir.*
*Yallaa ko wax: " man yutii 'ir rasuula*
*Fa qad ataa 'al laahu " ' il maaquulaa.*
*Ku topp bii yonenta, ci wax aki jëf,*
*Yaw yaay ka topp yalla, yaa am jara jëf,*

*Jullil ñu yaw yalla ci gën ci nooy jullée,*
*Ci moom aki njonam, di kepp kuy jullée.*
*Moo wax te ay waxam boroomam ; neena :*
*« Lép ci ay wah yoom la » mooy Yaa Siinaa.*
*Ku teew di dégg, na jotal ka teewul,*
*Kookaat jotal keneen ka, moo ka teewal;*
*Mu dellu ñaanal ak ñi tax waa jay toxal.*
*Te soppi wul waxam ja, muy fit ñay yaxal;*
*Ña teewe woon te gis te degg di toxal,*
*Ñooy anda ndoo yu wóor ya, ñooy gaa ya saxal,*
*Ci seen ganaaw la topp, seen jeexit ya;*
*Ña topp ciy ngënéel di seen baaqit ya;*
*Ña top ñooñu, topp leen ci sunna,*
*Ñooñaat ñeneen topp leen bil bayyina.*
*Loolee di wéy, noonee di wéy di wéy di wéy,*
*Di wéy ba sunu tay, nay wéy di wéy.*

*Foo mëna dem, waxam ja wal quraan,*

*Ñooy lëkëlóo, mooy firi bil bayaan.*

*Na yalla fay ko, te fay it gaayam ya.*

*Ci ñun la yeloo mooy ka xam dayoom ya;*

*Moom moo ni diine,  moo di laabiire,*

*Ci wax ju wóor, la feeñ la ak la biire.*

*Moo wax itam, kép ci yeen ab samm la,*

*Te deesi laaj ab samm la ñu ko samm loo.*

*Lii moo waral ma jók di laaya biire*

*Njaboot gi, ngir sheytaane laay fiire.*

*Njëlbéenu gii laabiire, mooy wax koy walaf,*

*Yu leer, yu wóor, te doo ci gis luy niru kaf.*

*Du saa mënéen, du lu ma miin ci mii mbir,*

*Waaye walaf neena : " ku jaaxle dok wor ".*

*Moom wax ji, gudd gatt, na ñu bayyi mana,*

*Na ñu yeewu tey yeete; nelaw yi yagga na,*

*Nañ gëm bu wóora wóor, te jaamu yalla,*

*Te ñu ragal yalla, te wéetal yalla;*

*Wéetal bu wóor jëmëm ja, wéetal melow ya;*

*Te wéetal it jëf ya, te magal solo ya;*

*Moom moo di buur, amul beneen bu dul moom;*

*Mooy ka yayoo jaamu ga, lép moo ko moom,*

*Moo bind nit ciy coobareem, jox koy ngënéel*
*Yumu joxul keneen ba lépp moom la ñeel,*
*Dendal ko suuf si talli ñadd muy lalam,*
*Def asamaan teegam ca kaw, ci man-manam*
*Def lép luy dukët ci suuf, di am-amam*
*Gu sell  ñeel ko, tabb ko it ciy xam- xamam.*

*Far def ko sax muy ka ka wuutu fii ci suuf .*
*Malaa ikak jinne yi, ñëp féete suuf.*
*Nit kii bu jaawalee keneen ak bii boroom;*
*Mooy kay yayoo sanjaba, moo yées ciy moroom.*
*Moom yalla moo bind, te moom, te digle,*
*Mooy ka tere it, moo takku, mooy ka digle.*
*Doylu waliisla keneen te ñëpp soxla,*
*Daw jëm ca moom, kenn la, moodi yalla;*
*Moo jëkk, moo mujju, te mooy ka feeñiku,*
*Te mooy ka biiru, nanguwul ñu daj ko;*
*Jëmëm ga bañ na luy niróo ab door,*
*Mujëm ga bañ na fa mu yam; mooy buur.*
*Jëmëm ga mooy jëmuk mujëm guy wéy ga:*
*Mujëm ga nekkul lu dul jëkkéem ga.*
*Xamal ni am  na, te amal, te mooy ka sañ;*
*Moo di amal ku am, ku ñakk it, moo la xañ.*

*Amul niraale? amul it gëm-gëmlée;*

*Du denda ndoo; du anda ndoo kuy ngablee,*

*Du baay, du nday, du doom du kennay wéttalam,*

*Moom rek, rek, ak li mu moom, ak  sañ-sañam,*

*Moo xam, di gis, di dégg, attan lép lëf;*

*Mooy ka saxook dund te namm bép lëf.*

*Jegeem ga rawna jegeek jaam buumi xolam,*

*Moo xam lu xel xalaat, la jëkk muy xalam,*

*Andak soreem ga dëg-dëg, weesu na*

*Li xel raas, te buntub xam ko, saañu na.*

*Moo bind lép, nekk fép, xam lumu.*

*Jaamul te magal, waaye daal, bul ni numu.*

*Ak taxaweem ci lép, fép lu mu doon*

*Doy na ci sak xam ko, waliis naan lu mu doon;*

*Lott ak ngëlëmte, moo di ngir mu mag ma.*

*Sóobul te xuus, ca géeju mak ña qawma;*

*Luy jinné, luy malaaka, luy nabiyyu,*

*Ak luy waliyyu, ngëlëmay seen mayyu.*

*Nde gëmu ku mak ka, gënë xej, gënë  xam,*

*Te am ca péey ba lu keneen doo tu ko am,*

*Te kép kuy xam, la mu xam, ci moom la*

*Joge bu wóor, te lumu am mayam la,*

*Moo wax ne: buur bi dolli may ngëlëmte*

*Ci ya; te boobu weesu nay rawante,*

*Keneen taxul ñuy wax, keneen sax moo di kan?*

*Ku dul njabootam, mooy sang, mooy ka gën.*

*Moom lu ni yar ci sa xel, mbaa sab xol,*

*Du buur ba yalla, jalla rabban raw na xel.*

*Luumal ci xel, te xol na fees cik maggal,*

*Akub rëyël gu rëyë rëy, taqqook ragal.*

*Na ngay sujuud ci xol ak ci ruuh gi;*

*Lu raw sujuud ci jë, ak it ci nuuh gi;*

*Foo mëna tollu, dil taqook toroxlu,*

*Ak fooglu, yaakaar  yërmandéem ja, tey balu.*

*Ba mbir ya dee nii, ñu di nii, te ab jam moom,*

*Day wara xam sangam, te jaamu kay boroom.*

*Wacce na ay téere, di jottali ay waxam*

*Yu ne ci jam yu mu tann ñuy ndawam;*

*Ñoom ñoonu ñoo gên ci doomi aadama.*

*Ci coobarey boroom bi, lépuk baaxama.*

*Gaa yamu tann, solal leen xam xam ya,*

*Ak sekareem ya, sotti léen mayam ya;*

*Seen lim ba: junniy ( qa ka dun ) téeméer la,*

*ak nit ak ñeent, te lii lu wóor la.*
*Mu fap ci ñoom ñii, tann ñetti téeméer*
*Ak fukk ak ñett, te loolu moo wóor;*
*Def leen ay ndaw yuy jotal kadoom ya*
*Ci nit ñi ak jinne yi, ñuy jaamam ya;*
*Ñoom ñëp ñoo  jotal la buur ba yonee.*

*Ken worojul, ken diisalul cik sonnee.*
*Mu dellu tann, te gënal ci seen biir,*
*Gaa ñay boroom dugu ga, ñuy juróomi góor:*
*Seydinaa Nuuh wa Ibraahiimu,*
*Muusaa wa  'Iisaa, Ahmadul hamiimu,*
*Salla *aley hi  wa   'aleyhim sarmadaa*
*Rabbil musawwidu ' aleyhim ahmadaa.*
*Senn sanga ngii, mooy géeri géer ñi, góor ga,*
*Ka mag te magi mbir, boroom jagoo ga;*
*Moo di ka  ' isaa ruuhu laahi daan bégé,*
*Tey bégal it gaa ña, ci moom took di négé.*
*Te mooy yonen ba ñu tuddóon ci tawreet,*
*Te xeet wa gën ci daraja,  bép xeet.*
*Moo jëkkóon te moo mujji it luy solo ya;*
*Mooy sang bay séddal mboolee may ya.*
*Na ñu sant yalla, mi ko def sunub cër,*

***Ñuy xeet wa gën ngir darajaam ju rëy ja mbir.***
***Na ñu bok takku, bok top sunna,***
***Te dëddu sheytaane, ngiram ma bon na.***
***Roy sunu njiit la yalla tagge ay jikkóom;***
***Kem la maneef,  jomba na kennay mel ni moom.***
***Jappal sa mbok, rëyal mbokkam ga,***

***Ngay wut wutal ka, sak muc ak mucam ga.***
***Ngeen dimbëlanté ca la buur ba diglé,***
***Tey watulanté la mu def ab xable.***
***Ku ne na yéene sa moroom ma jamm,***
***Te ngeen watuy wolaré ñëpay samma;***
***Nga am te sa moroom amul, santal buur,***
***Te bok kook mbok ya, bul def mbir ya nguur.***
***Te  boo amul muñal, amaana mooy sa yiw.***
***Te muñ mujëm ga, moo di muuñ, yag it mu ñëw.***
***Baalal ka tooñ ci xol bu sedd  te balu;***
***Yaw ka nga tooñ ku mel ni kii mooy kay falu.***
***Te na ngeen di deglunté, te ngeen di diisóo;***
***Ngeen bok luy mbék ma, te bokok tiisóo.***
***Bu léen di nooronté bu léen dogonté;***
***Bu léen bañanté te bu léen tongonté;***
***Bañ léen ci yalla, bëgg léen ci yalla;***

*Mer ak ngërëm na nek yalla.*
*Bu léen dëdonté te bu léen soorunté.*
*Bu léen talonté te bu léen xiironté.*
*Bu ken añaane ken, ,jullit du añaan.*
*La gënë  yax jëf yu baax moo di kañaan.*
*Bu ken rëy, bu ken roy lu dul lu baax*

*Ci wax yi ak jëf, na nek seen baax,*

*Na ngeen nanguy ndogal, te xam ne yalla*
*Moo di ka xam, yeen xamuleen lay  'illa.*
*Ka jébbal ay mbir yalla mooy ka noppalu,*
*Du mëna yam ka bañ ka ak ka jébbalu.*
*Moo jam bu bañ dogalub sangam ba,*
*Lu war ci moom lu dul dugal kasoom ba;*
*Sang ba xam, te man, te sañ bu dogalee,*
*Jam ba taxaw weddi ko, na ñu koy jubalée.*
*Bul naw sa jëf, te bul damoo it ca la nga am.*
*Muslul ci lii te bul nangu di waa ja xam;*
*Bul gis ngënéel di ñeel la, ak lu mëna ñëw;*
*Ku gis ngënéel lu rëy ci bopam, mooy ka siiw*
*Te mooy ka réer ba réere  réeram ba mu jeex.*
*Moo ndax abal ak moom la ? mii mbir dee ko jéex.*

*Ab jam meloom wa gëna wer, tëléem ga,*
*Waansoom ga, ak ñakkam ga, ak réeram ga,*
*Ak doyadeem ga; soo cay dem ngay dem di dem*
*Ci ay meloom yu yées ya yii, ya ñëp xam.*
*Ku weddi lii moo fatte ak njaalbéenam,*
*Tey fatte fattelu lu diy mujéelam.*

*Ndaxam ku buur ba soob; defal ko ay may.*
*Waaye la war jam bii ci lii, du mooy na rëy.*
*La may yu rëy waral ci jaam bu xellu,*
*Sant boroomam tiit ci ñak sella,*
*La alagoon Ibliis may la 'iina,*
*Te moo alak Fir 'awna ak Qaaruuna?*
*Moom ñetti baat la tey waxiinu kuy dameel:*
*Man mii , watul ma fii , fi man lii  man la ñeel.*
*Watul ma ak xeebaate,ak ñee  aati.*
*Watul ma fat fati, watul  qaat qaati,*
*Watul ma jéebaani ,watul qii qaani,*
*La gëna bon lii lép, mooy reetaani,*
*Watul ma ab bagam ci mer ba mel ni dof,*
*Watul ma ñax ba mujutul, doonte di ka*
*xaqataay, di ree ca kaw bay xuuyu,*
*Mel ni ku say, mel ni ku naan bay jaayu.*

*Bul gëdd mak, bul wax ko fen nga,*

*Waxal lu gëna nooy sax juum nga;*

*Lu tee  nga wax seetaat ko, ndéem kuy weddi nga.*

*Gëmu ma lii, doy na lu ñaaw ci weddi ga.*

*Wegul te teey, te jang wax ci mbooloo,*

*Wax mooy balaans, gaa ñaa ko wax te booloo.*

*Dawal werente, watul it wedente;*

*Bul di xulóokat, bul di kuy xotant;*

*Bu wax baree di bëg ñaaw, jogal te wéy*

*Te noppi, noppi loo sa njoñ, nga am woy.*

*Jambaar ja mooy ka not bakan te wann mer,*

*Du mooy ka narmeel ba mu xaacoo mép mbir,*

*Ba ñëp bërgal ko, ba  ñëp wek ko,*

*Ba ñëp teet ko, ñëp daw waliis ko.*

*Kii moo di dof kii ku ko séen da ngay daw,*

*Moo xala reccu : lamu sank cik ndaw.*

*Wax jii du saay wax; ana man ci jii wax ?*

*Yonenta wax may jotalée lii moo tax,*

*Na yalla buur ba may ñu ak  tawfiiqaa,*

*Ci top yii ndigal ñu am tas diiqaa,*

*Ci darajay Njool makka may Mutammimu*

*Makaarimul axlaaqi wal Mu ‘allimu.*

*Nan yam ci fii tay ! du lu jeex damaa ragal*

*Yoqqit ci ñiy déglu ndigaale ak ndigal.*

*May mottaliy wax bi salaati wa salaam*

*'Ala lazii bi waj hi histusqil ghamaam,*

*Wa sah bihi saadaatinal kumaali.*

*Seydinaa MUHAMADIN wal aali.*

**Alhamdu lilaahi rabbil aalamiin Allaahumma salli 'alaa seyyidinaa Muhammadin**

**Wa 'alaa aalihi wa sahbihii wa sallim .**

# *XAAJU NJËLBEEN*

## *Bunt 1 eel*

***Giss naa bu wóor te kima won buur yalla,***
***Lay xeeti cant, lép ñeel na yalla,***
***Ma jog di wax, dimbëndikook buur yalla;***
***Al hamdu lillahi ñu sant yalla,***
***Ak wép lamiñ fil wujuudi aki xol,***

***Ak bép ruuh bu yalla def ci jëmm sol,***
***Ma dellu gis képuk yëngël ak dalloo,***
***Fa moom la bayyi koo, te moo ko yelloo.***
***Ma dellu far ko gis bu wér ci xol bii,***
***Muy lép, lép loo fi gis ci dund bii.***
***Maa gëm te wóolu, seede loo ko lii bu wér,***
***Ne moo di lép mooy ka feeñ ci mép mbir.***
***Te maay ka gëm te dellu ceede loo ko,***
***Ni mooy ka yonni ngën ci nit wacceel ko***
***Téeréem ba Làmb lép lëf, xam loo ko***
***Ci ay meloom lu kenn xamul, waa yoo ko.***
***Muy sàngu lép luy mindeef, soppeem ba:***
***Muhamadun: moo jëk xam boroom ba***
***Te mooy ka yalla sànte boppam ciy jëfëm.***
***Mbiram yu rëy ya, raw na xel bakook ngëlëm.***
***Moo jëk moo muj, soloom ya rëy na,***
***Weesu na nit, malaa ïkaak luy jinne;***
***Moom yalla rek moo ko xam te may ko,***
***Lu weesu turëm wa, moo jagoo ko.***

*Namu ni nii la, yalla buur ba ni noonu la*
*Bu nee du nii,  ñu ni du nii fa yalla.*
*Bu gërëmée, yalla gërëm ba faw,*
*Bu gërëmul, yalla xarab ni raw.*
*Dollil ñu yaw yalla ci bép waxtu*
*Julli ci moom may nu ëlëk muy xamtu.*
*Na ñu gëm di sant tey gërëm ay dogalam*
*Yëpp, ci lép, fép, ñuy ñamuy gërëm.*
*Jaam bu jubée day nàngu lép sàngam dogal*
*Te lép neex ko, topp lép luy ndigal.*
*Ab jaam du tann, jaam du taamu, jaam amul,*
*Xamul, sañul, manul, lu dul dees koy mënal;*

*La gëna rëy ci mayi buur ba yalla:*
*Am jammi xol, yalla na ñu ko may bu sell.*
*Nangu dogal mutlaqan, mooy jamm*
*Ju wér te sax  tay ak ëlëk, mooy samm.*
*Moo tax, yonen ba, sangu bép naasi,*
*Gattal na wax ci baay tëxam  'Abaasi*
*Nee na ko : baay ! sakkul ci yalla jamm*
*Muy benna baat, bu boole lép lamb.*
*Na buur saxal te dolli jammi diine,*
*Ak jammi dunyaa bii, matal fa yéene.*
*Muñ léen te ñaan, dimbëndikook buur yalla,*
*Ci noon bu mag ba, ak bakan miy rallu.*
*Daqal ñu, laqq ñu, fu yaqq yeggul,*
*Yaa rabbi bép lor te may nuk yeggal.*
*Xam leen ni yalla moo di buur, te wéetóo*
*Nguuram ga lép, doo fa gis kuy wuutóo;*
*Moo wacc  wax ni:  " kullu yawmin wa hua fii*
*Chaa'nin " : nootam ga mooy la foofee ak la fii.*
*Moo fal, di folli ña ka soob béppub xefin,*

***Junniy junni daanu, mu fal seen kem ñeneen.***
***Amal ca, ñakkal ca, dundal ca, ray ca,***
***Bégal ca, merloo ca,  kemu lii wuutal ca,***
***Ca ña ko soob, bobee lenn, kenn amul***
***Lu dul jëmmëm ju wéet ja; lép moo amal.***
***Booba la fal, booba la folli ña ko neex,***
***Ca namu ko neexe, moodi buur : nguuram du jeex.***
***Amul ku muy diisóol, amul kuy jappale,***
***Amul ku naan nii la, di naa di jottale.***
***( Haachaa hu ) jomb na di am kuy wéttali***
***Jalla wa 'aza mooy ka sos, mooy mottalli.***
***Ateem ba wey na, moo dogal booba du tay,***

***Mu neex mu naqare, di jamm mbaa di ay.***
***Ateem bu sax ba, bép jaam bu gërëmul***
***Wéyam ga, mooy ka réer te juum, te yaru wul.***
***Neena bu wer, may tudd selam ga***
***Ak lay kaweem ga, tey taqqook maggal ga:***
***"Samay dogal jaam bu mu neexul, gennal***
***Wérét ci saak moomeel, te wut koo andal,***
***Te wacc lal bii sel : suuf : te genn***
***Teegam motalma asamaan, ( ndaw sonn ! )***
***Te wut keneen bind ko, moom ko". Ngalla moom !***
***Moo fu mu jëm ku jaaxle kii lan mooy soloom?***
***Nañu tuub, te reccu balu buurba yalla,***
***Mooy aji baal, ku réccu, tuub, mu baal la,***
***Lidib dogal bu naqaree nangul te muñ,***
***Te xam ni buur ba moo ko def te mooy ka sañ,***
***Te lu mu def ci ab jullit mooy lay yiwam,***
***Bu wóor mu xam wala xamul, yallaay ka xam.***
***Wax na ci al quraan: " 'asaa an takrahuu***
***Shay an wa huwa xayrun lakum" tanabbahuu !***

***Thumma " 'asaa …wa huwa sharrun lakum "***
***Ma tekkil leen baat yii ci ay wolof namu :***
***Amaana ngeen di sip ndogal ci am mbir,***
***Te fekk mooy la gën, di ñeel leen ci lu bir,***
***Nooneet la ngeen di bëgg mbir daw jëm ca***
***Mu neex ci xol, te muj ga réccu am ca.***
***Kon yalla buur bi mooy ka xam, yeen xamu leen;***
***Moo ya al, bareel ay yërmëndeem, te yëgu léen.***

## *BUNT 2$^{eel}$*

***Sax na te wér ne lép luy baneex tay***
***Te du ci yalla, ak mujam naqqar wu doy.***
***Na ñu bokk sant buur ba yalla tay balu,***
***Réccu bu wóor la weesu woon, tiit, tay jalu.***
***Nelaw yi doy na, yeewu leen tey yeete.***
***Dund bii du kër, boo ko defee kër, def joote;***
***Wor ko ca teel, boo ko worul mu wor la,***
***Te ku mu wor pert nga gàcce war la.***
***Mujam ci waayam, kay yafal ak xar ma,***

***Tabaski jot, paaka ba teew muy namm.***
***Kon mbiram ya leer na, ku ko def muy sab cër,***
***Yaa ñakk yelloonte, keroog ngay am xar.***
***Yamal fa yalla buur ba yam ci ay mbiram.***
***Ka bind, xam, bul weesu kem lii nga fi am;***
***Japp ko kemtalaay jappam fi ci yaw***
***Leneen la sab sanja ka muy ñeel doo tul yaw.***
***Nekkal ci yalla kemtallaay ngay soxla;***
***Lép ci moom, sa lép nekk yalla.***
***Laaxira foo tollu di koy ligéeyal,***
***Kem sax togg nga, na ñor bul géeyal.***
***Na doy la cik moy la la doy ci soy***
***Bu dal ci lex; teew lul ma lii ci booy moy.***
***Alduna ab tool la, ka bay te delloo***
***Ca kër ga ak mbayam, dunde, moo kiloo;***
***Ka bay te indi wul ca kër ga am mbayam,***
***Bayyil ko tool ba, ku yëgóon gaawek rayam.***
***Sa waru waay bala waroona jalle,***
***Bula waree ngay ree di xall xalli,***

*Kula ni nit nga moo la tooñ, te moo xamul*
*Lana di nit fa yalla may buur te amal.*
*Sa waru waay la feddilil nuxraam ya;*
*Sëfël te war, jall mu dess gaayam ya;*
*Warkat ba daagu, war dañal tey takloo*
*Gaayam ya, ñëpp na ñu day ñuy féelu;*
*Sëf ba ñu diis, war di dawal ñuy kontaan,*
*Sekere di xéewu ku di yéem liiy kéemaan.*
*Ñuy daw guddéek bëcëk te xeep loolu lu ñu daw,*
*Ba bess ba muy sóob léen ci kamb, daw te raw.*
*Ca maam ya ak mam aat ya, lii rekay soloom;*
*Nga wor ko mbaa mu wor la ngay goloom,*

*Foye la fip, ñakk loo la wépp yiw;*
*Coono bu jur coono, ba faw dee ko daw.*
*Sa waxtu jaasi la; fabal te dog ca.*
*Boo ca dogul mu dog la yaw, liiy gace.*

## *BUNT 3 eel*

***Dara du dem ci neen, di lii mbaa mu di laa.***
***Foglul te fog, daqqal ma lay falaa falaa.***
***Dunyaa bi jeex na, na nga def cib yóbbal.***
***Farlul te yokk jëf yu baax te harmal;***
***Rafle wu dañtalu bu wér ci lép,***
***Leneen lu dul yalla ma doy ci fép.***
***Sak bëg yalla namu doy na doy ko***
***Sak bayyi alduna ci xol nga am ko.***
***Yalla ci xol néegam, du dugg gis leneen;***

***Benn mu wéet ca mbaa mu genn jëm feneen.***
***Loo mën ci laabal néegu yalla ba di xol,***
***Defal te dolli  waay ca péey ba, lii ko fal.***
***Ganaaw ba am nga buur ba yalla am gu wér,***
***Waxal leneen jëmal feneen fii du sa kër.***
***Ka am ka yalla la mu ñak bul ko xam;***
***Ka am leneen te ñak yalla lan la am?***
***Du tuss ba tuss ya jeex lu dul reccu ëlëk,***
***Matt wicax loxoo fa dess alku, alak.***
***Fa léppay bayyi koo te léppay deloo***
***Tutafe jëm ci moom; ka xam te xellu,***
***Du jënde loolu ak leneen; ab dof nak,***
***Bu réere ndofam ca nit ña, moo di nak;***
***Wax ko ni nak wi, moo di sax tooñ lay nak.***
***Ndax melow nit la am te saggi ab sak.***
***Sa woote am yalla du doy ci ay wax;***

*Jëfël ñu gis, ngir yalla rek te mu sax.*
*Am yalla pas - pas la bu sell, wér ci xol:*
*Wax, tek ca jëf lu baax, di seede tey melal*
*Looy def, na yalla tax, bu jeexee taxawal,*
*Wala mu di aw njaajaan, di joote, di aw sambal.*
*Lu yalla genna ku fa dess loo fay def ?*
*Xanaa di jaamu bakkan, neenal jëf;*
*Booy bàyyi muy bàyyi, filéek ngay noyyi*
*Bul naagu, bul xaddi, bu tool bi nayyi.*
*La jëk jëf, na yéene  sell  jiitu,*
*Fap lampi sunna, foo fa jëm di niitóo.*
*Jëf yi, ci selluk yéene lay rawantee:*
*"Wa innamal a'maalu bi niyyaati"*
*Yonen bu tedd baa ko wax, te neenaat:*
*La ñeel la  mooy yéene, na baax di baaxaat,*

*( Yalla na sax ci moom salaatul laahi*
*Ak ñako gëm ñëp, li waj hi laahi  )*
*Sóobul ca yoon wa gaa yu baax ya sóobu wóon.*
*Asalafu saalihu, ñooy maas ga rawoon.*
*Peeseel sa jëf ak seeni jëf, bul bayyi*
*Bul yoqqi muk, ngir nga wuutéek may yi.*
*Ku jaar ca yoon wa gaa ya jaaroon am nimbal.*
*Lu wóor fa yalla, ngën ci toñ : waa ja fowul.*
*Santal ci xéewel lay safaan nga muñ ko.*
*Xéewel ga yokku, lay safaan waññeeku;*
*Baneex saxul, naqqar saxul, ñoom ñii ñaar,*
*Ñoo di awante jam yi laylan wa nahaar.*
*Bu ne ci ñoom, yallaa fay feeñu jaamam,*
*Kii sant kii muñ, ku ci nek ak saamam,*
*Fay ku ci nekk yiw wu ful yaakaaram,*
*Ay junni junni wéddamal kay yaaram.*

*And ak bu wér, ci yërmande boroom bii*
*Yu neex ya fuul na lay naqar ci dun bii.*
*Ka jamm  yagg ba mu fuuy, beew, fatte*
*Démb ak ëlëk, kii li ko dal moo metti.*
*Bayyil ko bés bu aay, ba ay xëy moome,*
*Toxal fa luy jamm, te ñoo ko luume*
*Nga gis ku saalit, ñak lép luy sago,*
*Def kép njombe di ko wax amul sago;*
*Bu jamm ayee  (  yal na yagg ) deel bégal*
*Jullit te bég ci yalla yaw ba laay fégal,*
*Bu dee safaan ba na nga muñ ci yalla*
*Te wattu saalit du ko faj, gacce la;*
*Jullit du saalit te du beew, luy beew sax?*
*Ak lu di saalit ? gëm gu dess rekkay tax.*
*Jaam bu dessee wóolu desse gëm yalla,*

*Mu am mu ñakk, foo ka gis du salla;*
*Shaafi 'iyyu ilimaan ju siiw ja*
*Wax na ci ay kaddu yu wér te siiw ca:*
*Lay woyafal nattu ci jaam, xamam ga*
*Ba gënna  tiiss te yalla def mayam ga*
*Ak la mu moy diinéem ja and ak buur ba*
*Diglé ca wép yiw di ñeel boroom ba.*

## *BUNT 4 eel*

***Sak bëgg dem aljana nay yamoonte***
***Sa jëf yu baax bul nangu ñuy lóomante.***
***Sa bañ tabbi naari; yal na buur musal***
***Bép  jullit, ci moom te bañ ni kenn mosal,***

***Nay askanook sag daw la yalla buur ba***
***Tere, te loo ca laal nga tuub ca booba,***
***Nga buur te yalla tax la jog ngay gaddaay.***
***Daa fekk yalla mu di buur bu mat waay,***
***Koo mëna waayoo ku dul moom daa reccu,***
***Ñi siiw ëlëk, doonte maneef naa xacce;***
***Dawal ca teel ba deesi mën for dalla,***
***Taataan  balaa taw biy séwat, liiy fulla.***
***Loo dawalul mu jëm  ëlëk moo moo ko;***
***Ak lu mu bari bari, ñeneen séddoo ko.***
***Te yaay ka sonoon pert lép na mu day;***
***Regle ba ñëw ëlëk te yaa fay joxe lay.***
***La ca haraam mbugal mu sax la lay jural;***
***Yu lunt ya: ay lëndëm gu tar. Foo daw jëm ?***
***Ñu ni du fii, jaaxlee fa dess : cay gii am !***
***Bu ñu yëgóon bayi nawoon dellu cosaan***

*Mbaa  ñu dawal fa yalla lép, dess di ñaan.*
*Ak ñakk xam amul ba day nii, dée déet !*
*Sheytaane ak bakan la menkóol du ni déet !*
*Seen jaam la bayyi  yalla  ñuy  sàngam yaqiis,*
*Ci moom  mujëm  di lii  fa yalla, lii ka tiis !*
*Shaytaane ak  bakkan, ku  menkóo  ñilé ñaar,*
*Ñu  fab la  jox la  alduna ja ngay  bakaar,*
*Ñu  dellu  yeew la féddalikóok ñaari  deel,*
*Daraja  ak  dërëm  nga  dib jaam ñuy dammeel.*
*Kee  mata  yërëm, xolub  jullit  du  muñ  lii*
*Ci nit ni moom; day laaye  biir  tey  dolli.*
*Xippil  te xool ci  xol   ba xam yaw  yaay  kan,*
*Filée  di  fan , lii  moo di lan, te  bañ di sën.*
*Nit, ak meloom   wu  tedd  waak  ruuham  ga*
*Bay  leer  te  jaaxal  luy  mindéef; sellaam  ga:*

*Yelloowul  ak  mu nekk  mbaam  dunyaa  sëf,*
*Yat wa di  dal  mu  xeep  ca  laobe, lii  du kaf.*
*Yallaa  ko  bind  moo ko  tabb  ciy  meloom*
*Yu weessu  xam -xamub mideef: ay soloom.*
*Mooy  leer ga  faqqe  'alamil  'ulawiyi,*
*Wacca  di  gën, lil  'alamis   sufliyyi.*
*Yaatoom ga daj na alduna ak  goxam ya*
*Ak  la ka   weessu,  jalla  ciy  mayam  ya.*
*Moo  am  te  dootul   ñakk  mukk  abadan.*
*Day  toxu  fii, jëm fii, du mooy dee sarmadan.*
*Yallaa ko wacce boolekook  binit  ba,*
*Ñu  dëkë ndóo  ci  xeriñuk  boroom  ba.*
*Leer ak lëndëm ñooy  jaxasoo, yëppay  daw,*
*Ku  nekk ak  lëfëm  mu ñeel  ko  ca  la  aw.*
*Ruuh  géek  malaa i ka yi ñoo bokki cosaan,*
*Yaram wi ak baahima yi, ñooy wecee malaan;*

*Ci seen diganté, yalla  bind  lay  bakan;*
*Mu xejja te joŋé te ay  féemam  sakkan.*
*Ku ne ci ñoom woote di ñoddil  péeyam,*
*Ruh  jëmé  kaw, yaram ci suuf : mooy yaayam.*
*Bakan taxaw faral yaram te nand,*
*Mu nek léppam foo ko gis ñooy and.*
*Boobee la yalla wacce xel ak banneex;*
*Muy ñaari ndaw ku nekk ak cërëm, bakan ni miix,*
*Xel wuti ruuh : (moo ko jagoo) nekk  jaraaf*
*Baneex di ñeel bakkan, di ndaw lu aay la gaaf.*
*Seen xeex ba juddu, ku ci nek ak waayam,*
*Waa ju ci nek, ma ngay lewal ay gaayam.*
*Bu xel matee, ruuh daldi noot fa saasi:*
*Moo ëpp ay ganaay yu xeex xannaasi.*
*Bu doyadee cërub ku saggan: loo ca xam?*

*Ku farlu for ko ni tariix du yëg du xam.*
*Muslul ci lii ndawal bakkan lay banneex,*
*Bu xel amul fayda ja, mooy xëy ni ko ciix,*
*Rendi mu sedd aji dee; jeexal na.*
*Ndéem xataloon na démb, tay yaatal na.*
*Faf loolu mooy lu am ci ñun tay ci lu wér.*
*Banneex yang xel, mu dee: céy mile mbir!*
*Baneex taxaw koñu bakkan, di buur tay,*
*Yaram di siiwu, xol ba wóolu wép ay,*
*Ruuh dess ni tocc ci kasoom, ñoom ñuy doxal,*
*Sheytaane ree ba kekku, jaxaan fit wa dal.*
*Amati lu am ludul ka man te sañ na,*
*Mi ame ray am ik dundal, dekkal na*
*Xel ma fi woon démb ñu bóom: mooy kii tay !*
*Moo di ka jantarmaanu fii du wutu woy !*
*Fekk na booba buur ba yalla ciy mayam*

***Tabb ko doole dolli ko it ciy man-man.***
***Bakan takkub xare di yaakaar naka woon***
***Jëme ci xel, xel won ko lép la mu doon;***
***Mu tëgg njiin dimbëndikóo sheytaani,***
***Mu koy digal te muy dugal: yaay daani.***
***Ñu bok samp tëh di xass ca foofee,***
***Yalla yabal si ab kuréel ni mii fee,***
***Dimbëli xel, dolli ko ay karaama,***
***Sheytaane gis, moo di seen saamaan ma;***
***Mu jog di lox di wax ne:  man kat dem naa,***
***Bu ngéen gisul te xamu léen: man gis naa***
***Mott ni meng, ndogalam ya wër na léen;***
***Gaayam ya tuuse, waaru, gacce wër na léen.***
***Xel song ak soldaar yu doy, baneex ba,***
***Caqqar bakkan, genne ko, ray dagam ba.***

***Tarfata  'aynin, doo fa fekk luy niróo***
***Jëfi bakan, mbaa lu mu moom mbaa luy aroo.***
***Kép  ku fi  bakan  faloon,  mu  folli***
***Ak  fulla  wax  ni  " ku daloon na dalli "***
***Mu jang sekare saaru namli ci noona:***
***" Innal muluuka…  yegaleel ba : yaf 'aluuna "***
***Mu jog ci yaram dellu ci ruuh ak maggal,***
***Ni ko : "fabal ! sa réewaa ngook yaw la ñu fal "***
***Amul ku fiy yëngël, amul kuy xor-xoral.***
***Ñëp ni nuut, lép ni léw kenn desul;***
***Jamm ni ñoyy,  lép dellu ñeel boroom;***
***Ñëp di jaamu yalla, lii amul moroom.***

## *BUNT 5 eel*

***Ku bëgg jaamu, jiitalal ak xamlu***
***Sa faratay jaam, te bul ko juum lu.***
***Laajal ña xam te jëfe seen xam-xam ya,***
***Lay mbiri diine: farata ak sunnaam ya.***
***Jëkéel di laaj lislaam wal iimaana***
***Ma' naa humaa, te dellu laaj lihsaana.***
***La lii di jullit, lii di ngëm, liy rafetal.***
***Deglul bu baax, kuy xamle lii fii amatul,***
***Illaa qaliilan, ñuy desiti ña fi woon;***
***Na yalla buur barkeel ci ñoom te saŋi leen;***
***Na ñëp wax amiin, ñii bu ñu fi toxóo,***
***Yalla bu gaaw, lay dess fii mooy naxeek naxoo.***
***Saydinaa Omar, amiirul muuminiin,***
***Ka teqqale dëgg ak fen lil muslimiina,***
***( Na buur ba dollikoy ngërëm ) moom neena:***
***"Bés noo ngi took, wër Xayrul mursaliina,***

*Am waa ju feeñ ci melow nit, te gëna jekk.*
*Yëréem ya weex tall, kawar ga  ñuul ni kukk,*
*Doo gis ci moom wenn melow  ku doon dox,*
*Kenna ci ñun xamu ko, ak lu muy dox.*
*Mu aksi took, te daldi sës wóomam ya*
*Ci wóomi gën ci kuy mindéef, yu tedd ya,*
*Tallal loxoom ya ñaar, ci ñaari mbaggi*
*Boroom kanam ga mel ni janta fenkki.*
*( Na yalla julli abadan 'aleyhi,*
*Aki njoñam may nuy  ngërëm laday hi ).*
*Mu wax ne : - yaa Muhammadu axbirnii*
*Soloma luy julllit, bu wóor ci diine.*
*Mu ni ko : - lay jullit bu wóor, an tash hadâa*
*Seede te fass bu wér, ci xol ba abadaa,*
*An laa ilaaha illal laaha  amul buur*

*Benna, yayoo jaamu lu dul yalla miy wóor,*
*Nga dellu seede te fass : bi anna*
*Muhammadun rasuulu huu jotal na.*
*Nga tek ca  julli, taxawal ponkkam ya,*
*Bu benn dess, te ngay matal chartam ya.*
*Tek azakaal bép alal ju mat nisaab,*
*Tek woor ci weeru koor wu lambook wép laab,*
*Mu tek ca haja bayti laahi; neena :*
*Inistata 'tum, moo di : ndéem maneef na,*
*Mu ni ko : sadaqta ! ñu dellu waaru :*
*Dëggël te laaj  du lu ñu miin; ñuy xaaru.*
*Mu dellu wax ko : solomaat ngëm lan la ?*
*Mu ni ko; mooy nga gëm amuk buur yalla,*
*Te gëm malaa ika yi, gëm téeréem ya,*
*Gëm yonenam ya yëp, te gëm kiimaan ya,*
*Gëm bésup laaxira te gëm lay ndogalam;*

*Mu neex mu naqari, di yiw mbaa di ayam,*
*Mu ni ko : sadaqta ! Te dellu laaj ko:*
*-Luy rafetal ? Yonenba dellu wax ko:*
*-Ak rafetal, moo di nga jaamu yalla*
*Mel ni ku koy gis; boo gisul, mu gis la.*
*Mu dellu laaj ko : kañ la dund biy jeexoo ?*
*Mu ne ko :- man ak yaw miy laaj ñoo neexoo,*
*Gënu ma laa xam mukk, yaw mii lii  nga laaj,*
*Delloo  ko yalla, moo ko xam te du ko waaj.*
*Mu ni ko :  kon wax ma lu diy mandargaam.*
*Mu wax lenn, loola mooy tay lii di raam.*
*Mu  genna  dem ; yonen ba wax: ya Umar !*
*Ndax xam nga waa jii di ma laaj nii yilé mbir ?*
*Mu tontu wax ne : - yalla ak yonenta xam.*
*( Salla aleyhil laahu kem xéewel yi am )*

*Mu wax ni :  moom Jibriila ñëw, di léen xamal*
*Seen diiné " kon diiné du ñeel waa ju xamul.*

## *BUNT 6$^{eel}$*

*Jappal fii lay ñetti xaaji diiné,*
*Xaaj bu ci ne di ñetti xaaj beneen.*
*Nit, ñetti xaaj la; cër ya feeñ, ak xol ba,*
*Li leen ñetteel di ruuh ga, moo di buur ba.*
*Lislaam, ñeel cërëm yu feeñ ya: liimaan,*
*Ñeel la di xol, ruuh ga jagoo lay lihsaan.*
*Lislaam  xaajam ya, la cay njëlbeenóo:*
*Tuub,  reccu lép lu amoon ngiir noonoo.*
*Ñaareel ba,  jub xocc ci yoon wa buur tërël,*

*Ragal ga yalla moo ñetteel, andak teral;*
*Liimaan ak sellal ci lép loo di def,*
*Ak loo di wax, ngir yalla rekay tax nga jëf.*
*Moo jëkk ciy xaajam, tofal ca dëggu,*
*Ci wax, ci jëf, ci xaal, te muy andak dogu.*
*Ñetteel ba, moo di xol bu dal fa yalla.*
*Wottul dara ba dara jeex lu yalla,*
*Al ihsaan, péeyu buur ba: ruuh njëlbeen ga,*
*<u>Fonklente</u> ak tajalliyyaati nguur ga;*
*Lay feeñu waayu yalla buur bu mag ba,*
*Ca mellow ya, ak tur ya jagoo péeyam ba.*
*May tudd sellu Rabbinaa Ta'aalaa;*
*Moo boole lay jalaal wal jamaalaa;*
*Ñareel ba fii, mooy teewe mbir yu rëy ya.*
*Di gis, di degg, ngir di xam mbóotam ya.*
*Du mooy lu ñuy mëna misaal, dees koy moss.*
*Booko mosul, doy lu ca degg; moo ca sëss.*
*Lu weesu lii, weesu xel, mooy ma'rifa:*
*Xam yalla kem fa nit di yam, may xaliifa.*
*Péey yii nga gis, ñoo toftoloo, boo ca matal*
*Xaqqam, mu jox la ba ca sës, te mooy jotal.*
*Fii, muntahaa sayri: mujuk dox baa ngii.*
*Wutal ku jiitu di la wax yoon waa ngii.*
*La jëk fii ci yoon wi, mën ngaa dem te wéet*
*Yaw kenn, waaye fii, mënee su fee ñakk njiit.*
*Teeyal, te tann, yoon wi xat na te lëndëm,*
*Te bari ay kamb, ku saggan ne ca ndam.*
*Foo romb ay gayndey njiloor yuy fadde,*
*Ñooy waaf di nék ca yoon wa waa ju jadd.*
*Seetal ca gaa ña; te nga laaj sellam ya,*
*Gis it lu tektal ci lu wóor meloom ya.*

*Nay waa ju ñaw, te miina dem ca péey ba,*
*Am fa ay ngërëm, xam lu mu laaj shartam ba:*
*Joxe na tëggéen ya, amit  jikkóom ya,*
*Te am ndigal ci ak dugal gaayam ya,*
*Lu dul ku mel nii, am ko, dolli joote la.*
*Bul duggu yaw filéek ku mel nii të në la;*
*Diisal, te diisóok yalla buur ba kay amal.*
*Lép lu am, te loo fi gis moo ko dogal.*
*Na ngay bareel julli ci Xayril 'alamiina,*
*Mooy sangg bay rammu : Muhamadul amiina*
*'Aleyhi daa iman na yalla buurba*
*Julli yu mat, wal aali wa sahaaba.*

## *BUNT 7 eel*

*Santal te muñ, yaakaar, tuub, dëddu*
*Gërëm, wakkirlu sopp  yalla, turchadu,*
*Saxal ci lii ak la fi woon, tey rafetal*
*Njort ci yalla ak ci jaam yi tey afal.*
*Nekal ku jub te mandu, jappal nit ku ne,*
*Te raw ca kay jullit, sa bopp yaa fa ne.*
*Bul wax ci kenn loo bugul ñu wax la ko,*
*Bul def ci kenn loo bugul ñu def la ko,*
*Doylul ci lii, te xam ni rek gisa góo*
*Kay waa ja piir, féek ama goo ko, ama goo.*
*Wattul ma dugg ak dugal ci yii kan,*
*Dalla wu nar dog tank, fandaañoo ka gën,*
*Bul xaddi, foo tollu na ngay taxook ñaan*
*Yalla mu wan la kan ca gaa ña mooy ka daan.*
*Booy wut, di wut ba yalla wan la waa ja,*
*Meloom ya mat, nga xam ni kiléey sa haajo,*
*Léppam di yalla, soxla wul lu yalla,*
*Te faale wul leneen lu nekkul yalla;*
*Boo ko gisée mbaa sax nga degg ay kaddoom,*
*Sa xol ba fees, dellu ci yalla nga di lóom.*
*Te benn xoolinam di fatte loo xol,*
*Alduna ak mbiram ya yëp doo ko tal;*
*Yeewal bu daar ak ñetti buum ciy buumam,*
*Taqq ci moom, ba fu mu jëm mooy fa nga jëm*
*Melal ni néew,  doo fek néew fu muy xecóo*
*Ak aji sangam benn cër bu muy rëccóo.*

*Jebbal ko lépp, muy bakan, muy doole,*
*Muy sa alal, lép nga fap ko boole*
*Jëndee ko yalla, moo ko jar; ku lay xamal*
*Yalla, amoo payam ba muk; jeexalal.*
*Lii yëp nak; na fek ñaari waa jur,*
*Seen xaq mat na, ñuy gërëm naan: waa góor !*

*Féek ñaari waa jur gërëmul, bul yaakaar*
*Ca yalla, am ngërëm ba faw: bul ko xaar.*
*Seen xaq, moo ñaareelu xaqi yalla;*
*Ñoom rekka woon demb, keneen ka tay la.*

## *BUNT 8 eel*

*Kuy woote ak cëriñ ci yeen te nangu ko,*
*Na xam ni ak cëriñ du nguur, sore na ko.*
*Bul niru buur waa ja dikkóon ngir yalla*
*Di niru dak mbaa lu ko yées te neex la.*
*Waa ja la yaakaar, bayyi ñëp, tanna la,*
*Di daw guddi ak bëcëk ci yaw, ngir yalla,*
*Xamal ko yalla loo ca xam te man ko;*
*Doonte nga fay ku koy xamal te yar ko*
*Ci sunna, bul yar ko ci say baneexi tay:*
*Kon def nga hay, yaw li la neex kañ la fi hay ?*
*Te ci lu wóor boo dee ku am baneex sax*
*Te du ci yalla ak yonen ba muy lu sax,*
*Na ñu la fa bayyi, yaak sa baneex ngay faju*

*Ba wér: ku feebar ana mook jog di faje ?*
*Tay foo fi dem, gaa yaa nga tallal seeni mbaal*
*Ak ay dumët, di wut ci jën, lu feesi gaal.*

*Ku ne ci ñoom, sa bopp ngay bayal tool*
*Waaye du yalla ci lu wóor; xippil xool.*
*Lilée fi xew, te lii la ñuy donnante.*
*Ndareb kuréel ba yalla haar gaaranti,*
*Yonen ba neena : " laa tazaalu taa ifatan*
*( Du deñ di am kuréel, te foo dem ña nga fa )*
*Min ummatii ( ci xeet wii ) zaahiriinaa**
*(Ñuy aji feeñ ) bil xaqqi saalimiinaa; "*
*( Kenn du mën ci ñoom dara luy niru lor ).*
*Ba yalla dikké ay mbiram, far gilé kër*
*Yalla na yalla buur ba def sunuy njiit*
*Ci diine boobale kuréel, te ñooy ña wéet.*
*Yonen ba neeti na : " diine feeñ na di lu wéet*
*Cik tumuranké, da na dellu noona it ".*
*Bu mu la doy ci waay, barik mbooloo ya,*
*Ak darajaam ju siiw ja, ak daaraam ya,*
*Ak bari xam - xam, tabe loolu filéek tege wul*
*Tankam ci kaw sunna; ne xam - xam jafé wul,*
*La jafe mooy jëfé; ka xam te jëfé wul,*
*Mooy ndawal ibliis ci ñun, na buur musal.*
*Ku muc moom la; ndax njaxas mi metti na,*
*Lëndëm gi tar na, ka xamoon sax fattena.*

## ***XAAJU ÑAAREEL***

***BUNT 9<sup>eel</sup>***

*Ba mbir ya tiisée ba ku nek naagu*
*Ca waa ja, doo gis ku ni dég naa ko.*
*Lëndëm nga tar, ñëp gëlëm, ñuy xaacoo,*
*Ken xama tul fu kenn di jëm, ñuy xaajoo.*
*Xare bu tass la, la fi dess mooy rawale*
*Sa bopp, ndéem sax da nga raw yaw mile.*
*Ña am ña xel torox lu jëm ca yalla,*
*Tawat, di yaakaar xettaleem ak wall.*
*La yalla fenkal jantu njolloor, jullil !*
*Leeram ga leeral bép gox, te xallal*
*Mindéef yi, ngir mu leer, mu gëtt jëm ci moom.*
*Nga séqqi netti jéego, yegg: liiy meloom.*
*Ka yalla def njiit la, te muy kay tektale,*
*Ka namm péey ba, faf di péey ba, wax ne la:*
*Maay wone yoon di yoon wa, maay fa ñëpp jëm,*
*Maay naan ga, maay kaas ba di nandale itam,*
*Maay sangu gaa ya jiitu woon tey seen njiit,*
*Ku mësa jiitu, sama tur wéey  may ko njiit.*
*Al aqtaabu, ak laghwaasu, ak mafaatihul*
*Kunuuzi, ak afraad yi, maay seen faatihul.*
*Yallaa ma fal may jëmmi péey biy magg;*
*Lu jëkk dunyaa bii lu yagga yagg.*
*Péey boo fa gis, bul genne benn, maa ko sos.*
*Ganaaw ba yalla ak yonen ba, maa fa sës.*
*Ci kattanuk buur Yalla ak Yonen bi,*
*Maay tabb mbooleem luy mindéef ci dund bi.*
*Ku wut ba giss ma, gis nga mbóot yu rëy ya,*

*Gis mangasiin ba yalla denc may ya,*
*Gis nga lu feeñ te nëbbu, leppiy lu mu doon.*
*Gis nga ku wéet tey lép mbooloo lu ñu doon*
*Loo xool ba gis, loo lamb daj ko, moo ma.*
*Loo mësa degg  mu dib taar, meloo ma,*
*Lép lu yéeme, ma fa feeñ di kéemaan.*
*Maay ka may taar jëmmi nit, maay insaan*

*Maa di ka feeñ di nit ni yeen ngir nëbbu léen;*
*Maay waa ja teew di léen jëriñ, te faddu léen.*
*Bu kenn waxee, bu kenn gisée, lu waay man*
*Ba lumu doon, léppa ngi soqqeekoo ci man,*
*Maa daj kaw ak suuf, maay bidéewi asamaan,*
*Maa ate foofa ak la fii, kulla zamaan.*
*Jant bi ak meloom yu kéemaane, mana,*
*Xool ma ci moom, nga gis ci lenn man kana.*
*Maay ndoxi taw yi, maay la sax di gancax,*
*Maay nóoxi kuy noyyi, lu dul lii it maay ka tax;*
*Maa ate géej yi, maa di peppi ndox yi,*
*Tey peppi suuf yi, lii  di lenn may yi.*
*Buur yalla fal na ma, boobe Aadama*
*Diggante ruuh la ak yaram, lii wóor na ma.*
*Kumay tëkkëléek kenn, moo ma réere,*
*Yallaa ma bind may ku wéet, te waare.*
*Yalla mayam ya dafa yaa, loo ca xamul*
*Bul wedddi waa ja xam te am, yallaay amal;*
*Doy na ci yalla seede ak yonen ba,*
*Mooy ka ma wuutal, fa mu wuutu buur ba.*
*Kon mbir ya leer na naññ, cax wa tekkeeku.*
*Bés bu sa kiiraay wori koo, nga seede ko.*
*Man maay ka Xaatimii gisóon fil ghay bi,*
*Te mbir ya yéem ko, dëkke Faass fil gharbi,*

*Dakkenteelam bu wóor : Abul ‘Abaass,*
*Na sant, bég, ka nara doon ‘Abaass;*
*Ku mësa wax ca gaa ña fil xatmiyati,*
*Maay ka mu doon junj, bi ghayri mir yatii.*
*Seetal futuuhaati, li Muhyii diini*
*Wala nga seet ‘unuqaa uhuu fil hiini;*
*Biral na cik nëbb gu and ak feeñal,*

*Ca bamu nee : “ fii shanaqin ” lay leeral.*
*Ndax shanaqun, limam ba, boo ko seetee,*
*Da gis, te xam ne man mii fii lay niite :*
*Junni la ak téeméer , nga tek ca xamsiina*
*Boobee laa fenk, di jantul ‘aarifiina,*
*Fii mawlidil Xatmi, bi ‘ayni maadi.*
*Maay tabb kepp ku fi teew, wal maadi,*
*Maay njiitu njiit yi, man ba ‘ul ‘irfaanii*
*Abul fuyuuDi, Ahmadu Tiijaani.*
*Mandarga yii bu ñu dajee ci kenn,*
*Kookeey ku ñuy wut, mësul am fenn;*
*Yawaaqitul mu ‘allimi sha ‘raanii,*
*Seet ko, te seet libriizaa li daymaanii;*
*Muhammadul yaddaali, góor gu siiw ga*
*Te mak ci yalla, moo rëyël mayam ya.*
*Wala nga seet taraa ifak talaa idi*
*Lil ‘aarifil kuntiyyi zil fawaa idi.*
*Laajal muriidal ‘aarifi rabbaanii*
*Sheyx Abdil qaadir jaylaanii*
*Sultaanil awliyaa bi kulli minnatii*
*Fii waqti hii, lamu ko wax fii yaqzatii:*
*¨Yaa sheyx waa jii ñëw abii sam ‘uunii*
*Nit ñëp daw jëm ca ci selluk yéene,*
*Kan la ci yeen ?¨ mu wax ko: - yaa aniisii*

***<u>Ndanjaama ga</u>; keram la ñuy kerloo si.***
***Kitaabu kash fin lil xijaab; seet ko,***
***Sukarijuu nettali lii te bind ko.***
***Bésu penc, yalla  boole lép luy mindéef***
***Ci benn pack, ngeen di gis samay maneef***
***Yalla tabax, ci leer, di ñeel ma minbaraa,***
***Ma yéek ca man kenn, fa Allahu amaraa,***

***Kenn ku jók  di  yéene di wax: ¨xool léen kii***
***Moo doon ci dunyaa kum, bi ghayri shakki***
***Kay tabba ñëp, ken desul ci yeen ñii***
***Te kenn xamul  boo, moo di kan ci gaa ñii***
***Bésup kerook daa gis ku reccu, gis ku bék.***
***Na yalla def booba ci ñun ñii, mépp mbék !***
***Li gëna wóor yile, yu wóor yonen ba***
***Xayrul waraa, di ka ma may bii martaba***
***Moo ma ni: ¨anta waladii cik dëgg,***
***Amul ca gaa ña, ku di jot sak dëggu,***
***Yaay ka ñu nëbb, yaa di Xatmul awliyaa,***
***Yaa leen di jox ci samay leer, anta liyaa ¨***
***La ca ganaaw lii ku ko am fabal jël.***
***Man rekka moome, ku dul man du jël njël.***
***Lii dëpóok la awliyaa Rahmaani***
***Ñoom ñëp wax li Sheexnaa Tiijaani.***
***Laajal la wax ko Wanjalii ak Saqalii,***
***Wal misriyyul kurdiyyu sheyxu hul walii,***
***Wal 'aariful makii, mu donn loo ko***
***Ay mbóot fa moom, moom la ñu doon neglóo ko***
***Bul fate it,  bamu dajeek Sammaanii***
***Bi daari hijrati nabil 'Adnaanii,***
***( Salla 'aleyhi rabbunaa, wa radiyaa***
***'An sheyxinaa Tîijaanii xatmil awliyaa )***

*La mu ko wax te fekk mooy qutbu zamaan,*
*Yërël jawaahiri, ku ko mar doy na ko naan.*
*Ku bëgg gis lay hadratul Ihsaani*
*Muy jëmm,  xoolal kanamuk Tiijaani;*
*Bu la rawee, raw na la wép wép yiw,*
*Boo ka amee, yaay fari gaa ña ñëp kaw.*
*Maay dëgg-dëgg la ñuy wut fa yalla*

*Ciy mbóot, te man mii ku ma am, am yalla;*
*Mooy ki ma bind def ma may péeyam,*
*Ku xool fa man, gis ko bu wóor; lii doy yéem.*
*Boo ma amee; am nga ko, boo ma ñakkee*
*Ñakk ko ba faw: bayyi maay naan tookee.*

## *BUNT 10eel*

*Ku bëg am lu ken amul ci ay may,*
*Aki ngëneel fa yalla,bayyil lép xëy,*
*Cik dëggu, ak pas-pas bu wér sataxlu,*
*Dugg ci yoon wii am sanad ak warlu.*
*Yonen ba moo waral te moo di ka ñu wéer,*
*Lép ci yoon wii jëm ci moom te liiy lu wóor.*
*Moo yonni Sheyxanaa bilaa manaami,*
*Cik yëg, du ciy nelaw ilal anaami.*
*Wax leen ni: “ maa waral ku japp yoon wii,*

*Ak lu mu doon ak fu mu doon ci melo wii,*
*Doo bayyi, doo booleek weneen, doo nimeeku*
*Beneen walliyu ciy mayam ngay sakku ko,*
*Tey wattu julliy juróom cik taxawal*
*Shartam ya ak ponkam ya yëpp, ngay matal,*
*Te bañ ko saggane te bañ ko doyadal; ”*
*( Def tay, ëlëk nga bayyi : lii mooy woyafal )*
*“ Di samm waxtu ak jotam tey teew lu,*
*Ak teewe mbooloo ilimaan ju teey lu.*
*Ñoom ñëpp warlu naa di ñeel leen aljana.*
*Ak seeni njaboot ga ñu amoon, ci alduna;*
*Seen ñaari waa jur, seen doom ak soxna ya*
*Seen doom yu góor,  ñu andak goro ya*
*Ñoom ñëp, ñooy dëkk bi a ‘laa ‘illiyyuun .*
*Mbugal du jiitu kenn , du regle ñeneen ;*
*Mettitu dee du ñu ko am, cik ngëm gu wóor,*
*Ñëpp la ñuy  faatoo, kanam ya fees ci leer*
*Laaj ak mbugal mi xew ci bammeel du ñu ko gis,*
*(Am sax ñu wax ni : kuy tiijaan ba du fa dess ).*
*Seen saxu waay fii barzaxi tiijaani,*
*La ñu pari foofa;  ñeel kudib tiijaani.*
*Lay tiisu bésu penc, ( te bess ba yagg na:*
*Juróom fukiy junni ci at, te tang na )*
*Du ñu ko yëk, du ñu fa jaar; keru ‘archa*
*Foofa la ñuy kerloo, bi tiibi ‘îcha.*
*Seen jéggi ñoom siiraat, ci kaw mala îka*
*Lay ame, ñeel mboléem ku nekkoon saalika.*
*Seen naan ga géeju kawsaral amiini*
*Ba manddi, ken du dess min al madmuuni.*
*Ñay jëk dugg  jannatay ridwaani*
*Ca la ñuy bok ” . Lii la wax Tiijaani.*

*Lii moo di waraluk Mustafal 'adnaani*
*Li sheyxnaa qutbil waraa Tiijaani*
*Ñeel ko, ñeel kép ku japp yoonam*
*Wii mu ko jox, di xaritam, tey maamam*
*Amul yeneen coono bakkan mbaa doyadal,*
*Amul ligéeyal ma, amul joxeel alal,*
*Amul di xiif, amul di fokk, amul wéet,*
*Amul baril ak nëbbu, wii yoon aka wéet;*

*Booy jóg, di yegg, te kawe it  gaa ña fi woon,*
*Ak la ñu sonn lép, lii moo jafe woon.*
*Santal te sopp, bég ci yalla téy balu,*
*Julli ci xayril xalqi, zikrul haylala:*
*Lii chartu yoon wi, la ca dess mooy ku mu soob.*
*Ku jëf ñu fay la, waye daal, kenn du la* <u>*soob.*</u>
*Waa ja nga tanna cik xamal muy jotali*
*Say mbir, seriñ ba, loo ca man cik dimbali,*
*Defal ko kem la nga ca man, ndax def ga,*
*Moo di defal seydinaa ca am ga;*
*Ngay gis ci moom xolam di sedd, muy gërëm*
*Di ñaan, di feeñal mépp mboot ca la mu xam.*
*Ka def ka lii  ak ka deful du ñu bennoo,*
*Waaye du chart abadan ci kennoo.*
*And ak nga xam ni kulla maa zamaani,*
*Am na ci ñoom mazaahiru tiiijaani:*
*Ay takkandeer la ñu, di neel jëmëm ja*
*Bay ballu waa yu bép mbóot ju sell ja.*
*Kon waa ju dëggu, da fay gëm te am dëggu.*
<u>*Na wéeru aayam*</u> *ba ci ñoom la wacci ku,*
*Ci waccu waayu sheyna al maktuumi;*
*Cik fonk ak maggal gu sax gu yéeme.*
*Ñoom ñëpp sax, ci wax ju wóor, ñooy cër ya.*

***Wa sheyxu mooy jëmma ja, seetal mbir ya.***
***Nga xam ni kon, kenn ci ñoom, boo ko loree,***
***Kon lor nga sheyxna, te kon dal di paree.***
***Te xam ne lor nga saydil wujuudi,***
***May ballu waayu bép may wal juudi.***
***( Salla 'aleyhi rabbunaa wa sallamaa***
***Ak njoñam ya  ñëp nañu day wa karrama )***
***Wa sheyxu naa moo wax ne maamam wax na ko;***

***Waxal ni leen bu kenn lor kenn; ni ko :***
***"Ku lor ci ñoom ken, loram ga dal ci man "***
***Nan ñaan ci yalla ay musal yu sax ci ñun,***
***Nañu sax ci ak wattonté faw tey muñalanté,***
***Wut ñakk metti na lu raw cik metti:***
***Mooy am ba noppi ñakk, jëkk sotti,***
***Bu kenn naagu, nañu ragal tey yaakaar,***
***Te wattu la ñu tere la, bul fa kenn jaar.***
***Yal na ñu yalla dëgë lël ak jublu,***
***Te mottalil ñu sunu cër di fadlu.***
***Te samm, haar, wattul ñu lép luy ndogaan.***
***Waliisla yaa rabbi, nangul ñu ay ndigaan.***
***Santal te kuy mindéef na jog santtale la***
***Yalla ak yonen, bi sheyxnaa  jagle na la***
***Lim ub juróom ñaar fukki junni malaa ika,***
***Loo wax ñu wax, loo jëf ñu jëf, te seen yool***
***Lép ci sa téere la nekk, yaw la ñeel.***
***Cik dolli: mooy ka jaamu yalla ak kumu,***
***Ak lumu doon, ak fumu doon ak it numu,***
***Buur jox ca taalibeb tiijaan, te boobee***
***Ñoom ñëp ngay nelaw lu ñëpay joobe,***
***Lu ëp  ay junnéy junné ca lamu am.***
***Moom ka jëfóon; lii neex ka moom te sañ,***

*Lii kumu neexul: ngalla yaw ! yallaa def*
*Te wañilul payam ca lamu jëf.*
*La kawe yii ciy may yu, rëy te lép lii*
*Ak ndox la génn mu di géej min fadli;*
*La yalla may leen min sawaabal martaba,*
*Lil xaatimil maktuumi qutbil kawni,*
*Yalla yabal fii aaxiri zamaan*
*Geéji mayam yu yaa ya, muy baawaan.*

*Kép ku gis yii may yu siiw te saawaan,*
*Nga bayyi leen fii, mar ba siiñ di baawaan,*
*Lunu ca mën ? yallaa ko xañ cik mandoom,*
*Jox kako soob, kem lamu soob, te moo moom.*
*Bahrun muhiitun bép ñeel la, neex la te lem,*
*Ngay wut gu jëk gaak wut di sonn fa nga jëm.*
*Ku mësa waaru lala waar yeggul fii.*
*Waaye dugal baa jiitu lép lumu fi.*
*« Wa maa tashaa uuna » la wax buur yalla*
*Moo di : du ngeen soob féek du soob na yalla,*
*Jii wax du bayyi aji gëm yalla bu wóor,*
*Muy yedd kenn ciy meloom, yallaa di buur*
*Moo bind ñaari karta, yëppay nara fees:*
*Aljana ak safara: lii mbék lii di tiis.*
*Aljana lay feeñoo meloy jamaali hii,*
*Safara lay feeñoo meloy jalaali hii,*
*Seen bokk ñoom ñaar mooy mellow kamaali hii.*
*Kon li fi dess, mooy sax di ñaan, tey yaakaar;*
*Booleek ragal yalla, te naan : yaa sataar !*
*Sambar, talal malaani sitrikal jamiil,*
*Ci lép luy ayib ci ñun: a yaa wakiil !*
*Dëkkël nu firdawsi, bi a 'laa hilliyiin,*
*Ci say ngënéel, dëkkaaleek xayri mursaliin;*

*Te boolenook njaboot gi, ñepp na ñu day,*
*Bu kenn dess, yaw yaay ka baax te doyi may.*
*Ku bëg am di ñaan, na ngay sabab lu,*
*Sa kemtalaayu man, te boo tooñee balu,*
*Huzzi ilayka… ba ilaa tasaaqat.*
*Moo nu xamal lay dëgg, ruujal xapp xat.*
*Bayal di yaakaar, tool bu nangu te bari,*
*Mbay ma nga mën, nangul ga yallaa ko fare.*

*Lii mooy wakkirlu, moodi yaakaar, moodi yar.*
*Leneen du lenn; gaa ñu pert ñaa ko dar.*

## *BUNT 11$^{eel}$*

***Yoon wiléy cosaani mboole yoon yi na ñu day;***
***Mook diine ñoo sosoo, ca aadama ba tay.***
***Ba aldunay jeex, koo fi giss te muy ku mat,***
***Yoon wilée di yoonam, mu di jinne mbaa di nit.***
***Tur wée di léegi, waaye ma ' naa bi yagga na.***
***Ku jaar feneen, doo dègg mukk yegga na.***
***Péey baa di bañ, ku jaar weneen mu delloo;***
***Loo loo fi siiw cik dëgg, loolu la yelloo.***
***Al anbiyaa  wal mursaliina, mooy seen yoon.***
***Sahaabaya ak ña sës ca ñoom, fii la ñu awoon.***
***Al mala ul a 'laa, ci yoon wii la ñu jaar,***
***Kazaal muqarrabuuna, may dolli xibaar:***
***Al arwaahu fii 'aalamiihaa, seen jaamu,***
***Mooy haalu yoon wii; lii la wax imaamu.***
***Ba mbir ya yagee, xol yi wow ni kong;***
***Sheytaane jog, foo mëna dem, mu song;***
***Gaa ña taxaw, xeex ak bakan  may wane,***
***Xiifal, maral, rafleel, sonnal  guddéek bëcëk,***
***Mu ñee waa ja ka romb jëm <u>sak.</u>***
***Boobee la jóg imaamu naa Al gazaalii***
***Ka raw ci gëstu mbóot, bi sidqil haalii,***
***Jambaar ja moo xareek bakan ba daan ko,***
***Ku jang ihyaa a 'uluumi xam ko.***
***Sheytaane jóg taxaw, di wax bil haali:***
***" yaa sheyxu ! waccal, daan nga tay fil haali,***
***<u>Rëcël</u> nga naat ya, <u>raxalit samay fiir</u>,***
***Maak ñoom ëlëk, nga dem ma fiir, te kenn du fiir.***
***<u>Seriñ ba degg waxi haal ba noon ba wax;</u>***

***<u>Mu dellu taalif ladi njogim doj yu tëx.</u>***

***Seetal ma lay muj ga, ay : il minhaajaa***
***Lil ‘ aabidiina ndax nga xam kay waa ja.***
***Lay muj ga foofee, ‘aqbatun li shukri:***
***Mooy sonn cik sant, bi naylil xayri.***
***Sonn di wut pay, sonn, sant may yu rëy,***
***Aka soree aka woree, wuuté ni xëy .***
***Lii tax nga gis, imaama Shaazaliya,***
***Yoonam  wa tiim, ya ko jëkóon: sirróom ya.***
***Gaayam ya sax, daan nañu wax, ngir kontaan:***
***Ci ñoom la yalla genne, qutbu zamaan.***
***And ak al imaamu  Shaazalii moom la mu gis,***
***Janneeru taal ba moo ko leeral leer gu fës;***
***Wa sheyxu naa Ahmadu, xatmul awliyaa:***
***Xalu ngonaake la ca taal ba, fa ‘iyaa.***

## *BUNT 12 eel*

*Alhamdu lillaahi, ñu sant yalla,*
*Mu sotti fii géeji tabeek ngënéel*
*Labal ca sheyxnaa, mu lab labaale ñu.*
*Ba lu mu am ciy may yu rëy, amaale ñu.*
*Al xukmu lil matbuuhi, laa lit taabi ' i.*
*Moo ñu amal yu raw ya xel min raafi ' i*
*Mooy kimyaa u sa ' di, mooy soppi xandeer*
*Ci ñun ci ab xefin, jëmuk may ngën ci xeer.*
*Yallaa ko may, bu nee li amrin kun ! yakun.*
*Wa maa ramayta iz ramayta, ñeel na kan ?*
*Yallaa ko sol ci mbandi leeri maamam;*
*Ka yalla def muy géeji leer ciy leeram;*
*Far def ko sax mu di leer, ku soobu*
*Ci mband mii, kawe ci taar; na ñu soobu,*
*Mii mbanda neex, te japp cuub, seetal kan ?*
*Moo di ku soobu, suubu, suube, ñoo di ñan ?*
*Jëkkéel ci seen lim, habiibu huu Damraawii,*
*Ka doon ndawam min jaddi hii wa raawii*
*( Salla 'aley hi rabbanaa ), daa na ko gis,*
*Lim ab nitt ak ñeent, lu wóor ci bép béss,*
*Moo gile góor kana di moom ca gaa ya ?*
*Waxu mala ak di am kemam, liy ghaa ya.*
*Tayyil gannaaw lii, di ma laaj ay kiimaan*
*Yu am ci moom, lii gëna rëy lu waay di ñaan.*
*Wa ba ' da huu, mu alliful jawaahiri,*
*And ak du woon ku jang min dafaatiri:*
*Xaliifatu Sheyx : Haraazimii 'alii*
*Kuy moom ca gaa ña, doo ko giss ku dul 'alii.*

*Moo wuutu sheyxnaa Tiijaanii ci léppam;*
*Hayyan wa mayyitan, kaw ba suuf, ba féppam*
*Lu waay di am ci sheyxnaa ci moom lay*
*Jaar ba faw , doora wëy fa muy wëy.*
*Tek ca ka mag, te magi mbir: 'aliyyi,*
*May ghaw thu waqti hii: Tamaasiiniyyi.*
*Dóo mësa gis, dóo mësa dég ab kemam,*
*Ñu jëk ñaak ñu muj ñaak ñëppa ci yam.*
*Mooy ka taxan, jommal na jaan ju peeku,*
*Lu ëpp junniy kilomeet ci jéego,*
*Nekk tamaasiini ba takusaan si*
*Dugg, mu jiite ko li ahlil Faass.*
*Moo sanni jaggu tamaru, min tamaasiini*
*Dok booba  alla, daanu Faass, ñëp di séen;*
*Te kii nga gis, ak li mu xam te man ko,*
*Naan na deret min sheyxnaa ndax gëm ko.*

*Indil ma sheyxil Ghaali may boroom mbir.*
*Doy na ci ay wax, mooy ka yar sheyxa Umar*
*Al fuutiyu , qutbu mboolee luy salaah;*
*Jambaar ja mag te magi mbir : boroom rimaah.*
*Mooy ka ca daan wax loo Tiijaanii Ahmadaa,*
*Bu ñëp teewee; fadluhuu, lan yuj hidaa.*
*Wa sheyxunaal Haafizi, gën ci  'alawii*
*Fii waqtihii, moo jëkk indi wird wii,*
*Fii qiblatil mash huuri, mooy ku raw ka.*
*Maasam ya ñëp, ña ko xam ñoo wax ko.*
*Moo di boroom qisa ba sheyxnaa ni woon :*
*Bul feeñ  la  jëk  feeñ leef la, kun na woon*
*Mu dellu si nek na woon  di jangale*
*Amul leneen ca mbir ya, lu ñu koy fooge.*
*Ñëw fa benn bés, ku siiw ci ak dajeem,*

*Bép guddik aljuma, wér na ak giséem,*
*Ak Xayril Xalqi Laahi : ngën ci kuy mindéef.*
*Jëmëm ju tedd jaay cosaanu kuy shariif;*
*Seydinaa Muhamadun ‘aley hi*
*Salla ilaahi thumma man iley hi.*
*Waa ji loxoom ba daan nuyóok  yonen ba,*
*Moo di la sut cik gis bu wóor benen ba.*
*Ganaaw nuyóo mu wax ne : seriñ bi !*
*Jox ma ci mbir yi nga amal ci tukki bi.*
*Mu ne ko : man li am fa man  mooy téere,*
*Boo ca bëgée, faal bu la neex min xayri.*
*Mu ne ko : man  li tax ma jog, du loolu,*
*Wirdu tiijaanii wi nga yor maay ndaw lu.*
*Seriñ bi xam ni feeñ ga jot na, muy biral*
*Lay mbiri yoon wi ba mu jeex, took di digal.*
*Ñëp di ñaan wird wa, bok dal foo.*

*Dollil ci seen lim sheyxanaa Riyaahii*
*Moo dëkke Tuunis, leer ga fees nawaahii*
*“Saahi irkabil…” doy na ci moom ab seetu.*
*Ken mësula wax ndendam ca gaa ña jiitu,*
*Kenn du moom; booba ca foofa kenn la,*
*Xam - xamu biir ak biti, moo ko dannale.*
*Wa saahibil jaami ‘i, doy na ñeel ko*
*Kitaabuhul jaami ‘u ; ñep ñee ko.*
*Moo di ilimaanu sheyxnaa cip  diiróo*
*Fan weeri  at, lii doy na ndam jadiiru;*
*Muhamadu bun mushril ‘alaama:*
*Xam – xam, ragal yalla, lahuu ‘alaama.*
*Na doy la lii, ca la ca dess te limu wul,*
*Fukkéelu  ‘ushri maa hunaa ka xamu wul*
*And ak ku nek, fa mu nek, suub na fa*

*Ñeneen ba ñooa suub ñeñeen, ñu dale fa.*
*Seetal ma  seydil 'arabii ribaatii,*
*Kuy moom ? xanaa muy lagu géej ngay shaatii*
*Bugh yatul mustafiidil xayri,*
*Doy na ci ak tëggam bi kulli nashri.*
*Xoolal ma fii faqiihinaal kansuusii*
*Doy na ci xam ko thaabitil uthuusi,*
*Ne seydil arabii, ci moom la suubu.*
*Ganc lu neex lu ñu ko xamal, mooy cuubu.*
*Dollil di wax ña suubu woon ba raw taar*
*Min Sheyxinaa, ñan la ñu suub, ñu doy waar.*
*Jëkke ca : Hasaana Tariiqi Baddii;*
*Moo wuutu sheyxal Haafizil Mujiddi.*
*Doy na ci moom la wax ko sheyxu hul walii :*
*Bal anta yaay bakriyu haa " seetal ma lii,*
*Doy na ci moom, kenn mësul xam luy baddii;*

*Malaa i kay péey baa ko wax cik tuddi.*
*Doy na ci moom, ña faqqee koo min kaamilii,*
*Joggi ci ñoom, te gën fa kulli faadilii.*
*Seetal ma doom ja : Ahmada ibn Badii,*
*Ku wottu wul nimaalu huu min nidii.*
*Nga dellu gis, doomu seriñ ba : sheyxu*
*Ahmad Booy,  seet, da nga naan ñoo shey xuu.*
*Ñoom ñëpp nak boo teeylu wul, daa fatte leen*
*Bu ñu tuddée seen doom : Muhamadul Amiin*
*Ken mësul gis ku mel ni moom, akrim bihii,*
*Moo wéetóo woon jamano, a ' laa nabbihi.*
*Foo bëg bayyi saydii Mawluudu*
*Gannaaw, seriñ ba; wa lahul mash huudu.*
*Ittéek dogu, moo jëk dem ci ñoom Faass;*
*Fek fa gaa ñu mag ña, naan fa ngën ci kaass.*

*Ci moom la jappi,  ‘aalimu daymaani*
*MahanDu Baaba, jiiti kuy daymaani*
*Ak ghayru daymaanii, ka taawu raaya.*
*Limal ci ñoom ñii al ’aalima murabbii,*
*Kay aji yar ci yalla kulla nad bii.*
*Moo naan ci leeri Ahmada ibn baddii*
*Ba mandi, dem soggali koo, min seydi*
*Il  ‘arabii Saa i hi, sol ko ba mu feess,*
*Mu del si and ak mbóot yu rëy, lamboo yu beess.*
*Mooy ka ñu naan abaahu Mahmuud Faal.*
*Mooy doomi Baaba fiihi xayru Faal.*
*Tofal ca fii , ‘Ubaydata ibni Mbóoja*
*Tishiitu; muk mësula am nasiija*
*Magam ju baax ja, saahibul  jayshil kafiil*
*Seede na wax  :  lahuu ma‘rifatul jaliil,*
*Maydaanu fadlihii ma‘al miizaabi,*

*Doyna ci ay soloom bilar tiyaabi,*
*Misku xitaami Haa u laa i rijaali.*
*Ña wéet te xeeb, faraa idi la aa lii*
*Sheyxu shuyuuxi, seriñub gaa yi fi raw,*
*Moo siiwe top sunna, moom  la góor ña naw;*
*Moo di ka leeral ( kenn du weddi Senegaal )*
*Feesal ko ak xam -  xam yu mat, aki rijaal.*
*Gox boo fa dem, ci Senegaal daa gis fa,*
*Gaa yam ya, ñoo taxaw ci diine raw fa.*
*Mooy doomi maam Uthmaan : Maaliku,*
*Man haja, fab fa wépp yiw, indaale ko.*
*Doy na ci moom ndam, koo fi gis muy xeñtu*
*Sunna, ci moom la bayyikoo, mooy rawtu.*
*Nga bëg xam ko  fawqa zaa lil ghaaya:*
*Taqqool “ xilaass ifhaama ” ak “ kifaaya ”.*

*Na yalla doteel sheyxanaa Tiijaanii*
*Aki njoñam, sahaa iba ridwaani,*
*Géej gu garaas mare, ku lim ay duusam,*
*Xal set na ngaa lott, waxu maak ay xuusam.*
*Te benn duusu sheyxinal muhiiti*
*Mooy géej yi tuu ! doo gis fa min muhiiti .*
*Wallaahi : may giiñ , te xam lan mooy giiñ :*
*Ni sheyxnaa kenn du ko xam , yallaay bañ.*
*Ñaara ko xam, muy yalla ak yonen ba,*
*Jeex na; ñu yam fii tay; xanaa beneen ba.*

## *BUNT 13eel*

*Nangul ñu yaw yalla mi am lu dul jeex*

*Askanu gii, sunu lép jeex ci maam sheyx;*
*Wattu ñu, haar ñu, ak njaboot gi ba ñu raw*
*Ñun ñëpp, ak jullit yi sarmadan ba faw.*
*Fajal ñu yëp xaajo, yaa xam na mu day,*
*Te xam la koy faj, am ko lépp na mu day.*
*Ñuy balu tooñ yi, yal na yalla buur bale.*
*Sammal ñu xol yi, fóot ko, tey sax di bale,*
*Yaa wax ni ñaan léen ma, bu ngéen ma ñaanee*
*Ma nangu seen ñaan, njéem du léen safaan;*
*Te say ngënéel; moom rek lañ di yaakaar,*
*Tay ak ëlëk, yaa rabbanaa ! yaa ghafaar !*
*May nuk dajeel, dëppëlenook ngërëm yu sax,*
*Yu bayyi koo ci yaw, te ndimbal; yaa di tax.*
*Saxal ci ñun, ak ci njaboot gi, ak ngërëm.*
*Guddal fan yi, wërsëk wu yaa, wer gu yaram.*

***Fajal ñu luy feebar  ci ñun, biir ak biti,***
***Hisan wa ma ‘ nan, ak ci yaw kawek ite;***
***May nuk yékéewal ba ñu gis yii xéewal,***
***Ñuy sant ngay dolli, bareel ka néewal.***
***Nga may ñu yaa rabbi, bi husnal xaatimi,***
***‘Alaa tariiqati Tiijaanil xaatimi.***
***Amiina yaa mawlaaya wuyul sa jaam bii;***
***Nangul ko ñaan, gennee ko min hijaabii.***
***Mujuk waxam di laa i laaha illal laah***
***Muhammadu rasuulu huu, hibbul ilaah***
***‘Aleyhi azkaa min salaatin wa salaam***
***Aki njoñam ñëpp wa xaatimi nizaam.***

***Alhamdu lilaahi rabbil ‘aalamiin  Allaahuma salli alaa saydinaa Muhammadin wa alaa aalihii wa sahbihii wa sallim***

**dos du livre**

***Serigne Abass Sall de son vrai nom Abdallah Ibn  Abass Sall vit  le  jour en 1909 à NGuitk petit village non loin de Sakal, dans une famille d'érudits connus pour leur piété et leur sainteté.***

***Il fut rappelé à Dieu le 02 Juillet 1990 à Louga ( jour d'Arafat ) au terme d'une vie essentiellement consacrée à Dieu.***

***Son immense production littéraire et ses nombreuses réalisations pour l'édification d'un islam sans compromis témoignent de sa vocation. Ce livre est la version en caractères latins de son célèbre ouvrage écrit en wolof et plus  connu sous le nom de wolafalu Serigne ABASS.***

***Singulier par la variété des sujets traités et la richesse du lexique qu'il renferme, cet ouvrage constitue un condensé de son enseignement et représente pour le disciple soucieux de sa formation spirituelle, un guide lumineux dans la voie ;  sa publication sous cette forme traduit  notre souci de rendre accessible l'enseignement du maitre à un plus large public.***